bu kenn ci yéen di wax naan: yaw sama Boroom jéggal ma bu la soobee, yërëm ma bu la soobee, wërsëgal ma bu la soobee, waaye na dogu ci limuy laaj, ndax moom day def lu ko soob amul ku koy ga

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "bu kenn ci yéen di wax naan: yaw sama Boroom jéggal ma bu la soobee, yërëm ma bu la soobee, wërsëgal ma bu la soobee, waaye na dogu ci limuy laaj, ndax moom day def lu ko soob amul ku koy ga". Nekk na ca sahiihu Muslim: "waaye na dogu ci laajam te màggal xemmemteefam, ndaxte Yàlla lu mu joxe tëwu ko".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na ñuy aj ag ñaan ci dara donte ci coobare Yàlla la; ndax xam na ñu ne Yàlla du jéggale lu dul mu soob ko, kon jarul ñu ciy sàrtal coobareem; ndaxte coobare Yàlla du ñu ko sàrtal lu dul ci koo xamne manula def ci coobare boppam, te loolu Yonente bi leeral na ci mujjug hadiis bi ci waxam ji ne moom amul ku koy ga, kem ni nga xamee ne Yàlla dara lu mu joxe tëwu ko, te tëlewul te dara rëyul ci moom, ba tax ñuy wax: bu la soobee, kiy wax naan: bu la neexee nga jox ma nàngam, loolu ki ñu koy wax mooy ku lott, waaye bu dee ku am kàttan ànd ak ñu soxla lañukoy laaj kooku day dogu ca lamuy laaj’ mu laaj laajub ku ñàkk te soxla lool limuy laaj, mu daldi dellu ci Yàlla; ndaxte moom moy Aji-Doylu ju mat ji, di Aji-Am kàttan ci lépp.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5978